

Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV DEVLOPMAN MENDÈV
175 MILYON DOLA A**

***Aplikasyon pou Finansman Konsolide Atravè Konsèy Devlopman Ekonomik
Rejyonal yo Vize Kreye Opòtinite Ekonomik pou Chak Nouyòkè***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Inisyativ Devlopman Mendèv la (Workforce Development Initiative), k ap envesti 175 milyon dola pou devlopman mendèv toupatou atravè eta a ki pral soutni efò estratejik rejyonal k ap satisfè bezwen mendèv akoutèm biznis yo, amelyore fason pou jwenn aksè a talan rejyonal yo, amelyore fleksibilite ak adaptabilite antite mendèv lokal yo, agrandi opòtinite aprantisaj yo epi abòde bezwen alontèm endistri ki an devlopman yo. Fon sa yo pral sipòte tou efò k ap fèt pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn, ak lòt popilasyon ki ap fè fas a obstak konsiderab ki anpeche yo vanse nan karyè yo.

"Nou dwe asire ke mendèv jodi a non sèlman prepare pou djòb nou genyen kounye a yo, men tou yo prè pou djòb demen yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Inisyativ Devlopman Mendèv la se yon lòt pa enpòtan ankò n ap fè pou asire kwasans eta a alavni epi ede Nouyòkè yo reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la."

"Envestisman nan devlopman mendèv esansyèl nan kad efò pou ofri moun yo konpetans yo bezwen nan endistri k ap ofri djòb toupatou atravè eta a yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC) te di.** "Pou yo ka reponn a bezwen mache travay la, New York dwe trase chemen an pou yo fòme travayè nan sektè fabrikasyon avanse, swen sante, ak sektè enèji a pou yo ka konble eka nan konpetans ki genyen yo epi kreye yon mwayen pou anplwayè yo jwenn aksè a talan yo. Inisyativ Devlopman Mendèv la yo pral sible resous yo pou yo asire ke gen fòmasyon ki disponib nan kominote nou yo pou djòb ki byen peye ki pral fè ekonomi an vanse vè lavan."

An Janvyè 2018, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) konsèp Inisyativ Devlopman Mendèv la pou ranfòse devlopman mendèv nan Eta New York. Nouvo Aplikasyon pou Finansman Konsolide a (Consolidated Funding Application, CFA) pral sèvi kòm sèl pwen dantre pou finansman devlopman mendèv la. Anplis de sa a, 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pral jwe yon wòl enpòtan nan rekòmandasyon pwojè ki aliye ak plan ekonomik ak devlopman mendèv rejyon yo. Fon devlopman ekonomik y ap atribiye atravè REDC yo ap itilize yon modèl yo teste, ki reyisi k ap reyini lidè ansèyman siperyè yo, lidè endistri ak gouvènman yo ansanm pou yo planifye avni rejyon yo. Apre uit faz pwosesis REDC a yo, yo te akòde plis pase 6.1 milya dola bay plis pase 7,300 pwojè ki ap kreye travay ak pwojè devlopman kominote ki konfòm ak plan estratejik chak rejyon an yo, ke yo prevwa ki pral kreye oubyen konsève plis pase

230,000 pòs travay. Etablisman yon nouvo CFA pou fè investisman nan mendèv ap ajoute sou siksè modèl asandan sa a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian Howard Zemsky te deklare, "Pandan ekonomi nou an kontinye evolye, Inisyativ Devlopman Mendèv la pral devlope yon modèl pou nasyon an ki pral bay Nouyòkè yo zouti nesèsè pou yo fè fas a konkirans ki gen sou mache travay la k ap chanje konstaman epi k ap vin deplizanpli konpetitif".

Komisè Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor), Roberta Reardon, te di, "Akonplisman teknoloji ak nouvel jenerasyon konsomatè yo ap chanje nati djòb nou yo byen rapid. Gouvènè ap asire ke New York prè pou l konfwonte defi tranzisyon sa yo dirèkteman lè nou konsantre sou nouvel ide pou devlopman mendèv la".

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, "Lè nou ofri bon jan kalite edikasyon epi prepare etidyan nou yo pou djòb konpetitif alavni yo se yon eleman fondamantal pou SUNY, epi inisyativ sa a pral kontinye ranfòse mendèv premye plan New York deja genyen an. Mwen aplodi Gouvènè a paske yon lòt fwa ankò l ap dedye resous ak lidèchip pou asire ke chak anplwayè aktyèl ak sila k ap vini yo gen pi bon travayè ki byen kalifye disponib".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Inisyativ Devlopman Mendèv Gouvènè Cuomo a pral yon katalizè pisan nan kad efò CUNY ap fè yo antanke yon motè mobilite ekonomik enpòtan nan Vil New York. Avèk devlopman fason pou jwenn aksè a talan lokal yo ak kreyasyon mendèv ki pi adaptab, plan konsiderab sa a ap plis agrandi opòtinite pou etidyan nou yo. An menm tan, lè inisyativ sa a abòde bezwen estratejik endistri ki an devlopman yo, l ap ede CUNY edike ak fòme diplome ki pral kontinye fè kontribisyon enpòtan nan New York".

Melinda Mack, Direktris Egzekitiv Asosyasyon Fòmasyon ak Anplwa Pwofesyonèl New York la (New York Association of Training and Employment Professionals), te di, "Nou santi nou ankouraje paske Gouvènè a ap pran mezi anbisye pou rann devlopman mendèv vin yon priyorite nan New York. Anviwon 40% Nouyòkè gen yon diplòm lekòl segondè oswa pi ba, epi si nou vle eksplwate potansyèl ekonomik konplè nou genyen antanke Eta a, nou bezwen ouvri aksè a posiblite karyè pou tout moun ki vle epi ki kapab travay kòm yon prensip fondamantal devlopman ekonomik nou".

W ap jwenn aksè a yon lis resous ki disponib yo [la](#). CFA a pral ouvri pou aplikan yo apati 8 Me 2019, epi yo pral aksepte plan pwojè yo ak aplikasyon yo nan yon manyè kontinyèl. Finansman yo mete disponib pou inisyativ sa a ap konsolide plizyè pwogram ke plizyè ajans eta ak otorite ap administre.

Prim yo ap tonbe nan youn nan kategori ki annapre yo:

- **Patenarya Piblik-Prive pou Fè Vanse Konpetans 21yèm Syèk yo:** Pwogram sa yo ap agrandi enfrastrikti ak kapasite SUNY ak CUNY pou yo pwodui talan konpetan k ap satisfè bezwen anplwayè rejyonal yo. Resous

yo pral ofri finansman pou espas sal klas, teknoloji ak ekipman, ak elaborasyon pwogram detid endistri a angaje yo. Pwogram sa yo pral ankouraje koneksyon ak anplwayè rejyonal yo lè yo konstwi eksperyans aprantisaj ki baze sou travay tankou estaj; aprantisaj kowoperatif; aprantisaj; ak fòmasyon pratik dirèk nan sektè ki gen plis demann yo tankou syans lavi, STEM ak fabrikasyon avanse yo. Y ap bay fon ki disponib nan kategori sa a yo atravè SUNY ak CUNY, epi li gen ladan kapital, aprantisaj, pwogram detid pèsonalize ak nouvo opòtinite pou kreyasyon travay.

- **Konpetans ki Akse sou Anplwayè yo:** Pwogram sa yo ap ogmante investisman anplwayè yo ap fè pou yo jwenn aksè a yon mendèv konpetan. Resous yo pral ofri finansman oswa kredi taks pou fòme travayè ki anplas yo epi pou rekrute ak fòme travayè pou pòs debitan yo. Aplikasyon yo gen tandans soti dirèkteman nan men anplwayè yo. Y ap atribiye fon ki disponib nan kategori sa yo atravè Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor), Otorite Devlopman Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research Development Authority, NYSERDA) ak Empire State Development pou jwenn aksè a anplwaye ki akse sou bezwen anplwayè yo.
- **Solisyon Mendèv yo:** Pwogram Solisyon Mendèv yo ofri finansman fleksib pou pwojè devlopman mendèv novatè yo. Fon yo pral sipòte efò estratejik rejyonal ki satisfè bezwen mendèv akoutèm biznis yo, abòde bezwen alontèm endistri a yo, amelyore aksè a talan rejyonal yo, epi agrandi opòtinite aprantisaj yo. Yo pral konsantre sou endistri enpòtan onivo rejyonal nan nouvo domèn ki gen deplizanpli plis demann pou djòb yo. Fon yo pral sipòte tou efò pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn, ak lòt popilasyon ki ap fè fas a obstak konsiderab ki anpeche yo avanse nan karyè yo. Aplikasyon reyisi yo ka gen ladan estrateji ki baze sou sektè ak sou gwoup endistri yo k ap ka reponn onivo rejyonal sizoka ta gen yon mank travayè ak pwojè ki gen potansyèl pou yo deplwaye ak satisfè demann opòtinite travay yo montre ki genyen oswa yo antisipe k ap genyen yo. Yo pral koresponn sous finansman k ap soti nan ajans ak otorite k ap patisipe yo ak pwopozisyon yo, baze sou detay pwojè yo.

Kont teni de varyete defi devlopman mendèv y ap konfwonte toupatou atravè eta a yo, gen yon bann pwojè ki elijib pou finansman. Yo pral konsantre sou endistri enpòtan onivo rejyonal nan nouvo domèn ki gen deplizanpli plis demann pou djòb yo, ki gen ladan sila ki nan sektè enèji pwòp, syans lavi, syans enfòmasyon ak teknoloji avanse yo. Tout pwojè ak aktivite yo dwe konfòm ak plan devlopman mendèv rejyon yo. Konsèy Rejyonal yo pral konsantre sou fason pou yo sipòte efò estratejik rejyonal ki satisfè bezwen mendèv akoutèm biznis yo, abòde bezwen alontèm endistri a yo, amelyore fleksibilite ak adaptabilite antite mendèv lokal yo, amelyore aksè a talan rejyonal yo, epi agrandi opòtinite aprantisaj yo.

Enfòmasyon sou Aplikasyon pou Finansman Konsolide

Nan kad efò Gouvènè Cuomo ap fè pou amelyore modèl devlopman ekonomik eta a, yo te kreye yon Aplikasyon pou Finansman Konsolide pou Eta New York pou rasyonnalize ak akselere pwosesis aplikasyon pou sibvansyon an. Pwosesis CFA a

make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwèn dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Pou gen aksè a CFA, tanpri vizite <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>.

Enfòmasyon sou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Gouvènè Cuomo pran an vè investisman Eta ap fè ak devlopman ekonomik. An 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenans nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)